**ТЕМЭР:** КIэрэф Мухьэмэд «Адэ щIэин мылъку хъурэ?»
**МУРАДЫР:** 1. Повестым и темэмрэ идеемрэ убзыхун.
2. Повестым къыхэщ образхэр зэпкърыхын.
3. Адэ-анэмрэ бынымрэ яку дэлъ, дэлъын хуей зэхущытыкIэхэм щыгъэгъуэзэн.

*Адыгэ хабзэр адэ щIэинщ.*
*Уи адэ-анэм яхуэпщI пщIэр уи бынми къыпхуащIыжынщ.*
*Уи анэм къыбжиIэм едаIуэ, уи адэм къыбжиIэр гъэзащIэ.*(доскам итщ.)

**Словарнэ лэжьыгъэ**: хьэкум, хьэкумыщIэ, хеящIэ, хей, мысэ, уэчыл.

-Нобэ дэ дытепсэлъыхьынущ адэ–анэмрэ бынымрэ яку дэлъ, дэлъын хуей зэхущытыкIэхэм. Ар дэ къызэпкърытхынущ КIэрэф Мухьэмэд и повесть «Адэ щIэин мылъку хъурэ?» жыхуиIэмкIэ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым хабзэ дахэ куэд къадокIуэкI.А хабзэ дахэхэрщ ди лъэпкъыр дуней псом цIэрыIуэ щызыщIар, нэгъуэщI лъэпкъхэм дыкъезыгъэцIыхуар.

Адыгагъэ, цIыхугъэ - а псалъитIми къарыкIыр зыщ. «Уадыгэкъэ» жиIэмэ къикIыр «цIыхугъэ пхэлъкъэ?» жиIэу аращ. Адыгагъэм куэд къызэшIеубыдэ.Адыгагъэщ нэхъыжьыр гъэлъэпIэныр, цIыхубзыр лъытэныр, зылъэмыкIым удэIэпкъуныр, гъунэгъур, ныбжьэгъур бгъэпэжыныр. Адыгагъэм къищтэркъым пцIы бупсыныр, удыгъуэныр, бзэгу зепхьэныр (куэдрэ къэхъурт мыхэшэн папщIэ къуажэр, хэкур щабгынэ).

Адыгэ хабзэм ебэкъуа, хабзэр къызэпызуда цIыхум тезыр трамылъхьэу къагъанэртэкъым адыгэхэм.ЦIыхум илэжьа къуэншагъэр щызэхагъэкIым зэреджэр хьэкумт. Iуэхур зэхэзыгъэкIым зэреджэр хьэкумыщIэт е хеящIэт. ХеящIэм зэхигъэкIырт хеймрэ мысэмрэ. Хей жиIэмэ къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ жиIэу аращ, мысэр ягъэкъуаншэрщ. ЦIыху ягъэкъуаншэм къыщхьэщыжым зэреджэр уэчылт. Апхуэдэу ди адыгэ IуэрыIуатэм къыхэщыж лIы Iущ, губзыгъэм фыщыгъуазэу пIэрэ? Ар Къазэнокъуэ Жэбагъыщ. Жэбагъы лIы губзыгъэу щытащ. Ар пщышхуэхэм я чэнджэщэгъут. Жэбагъы и суд щIэкIэм цIыхухэр аразы техъуэрт.

Къазэнокъуэм и пэкIэ хеящIэу щытащ УэрийкIэ зэджэр. Ауэ ар жьы щыхъум, а къалэныр Жэбагъы и пщэ далъхьащ. Ар ноби ди ущиякIуэщ, сыту жапIэмэ Жэбагъы и псалъэ куэд нобэми къыдогъэсэбэп, адыгэ псалъэжьхэм хэшыпсыхьыжауэ.

Апхуэдэу дэри нобэ зэхэдгъэкIынущ. «Адэ щIэин мылъку хъурэ?» повестым къыхэщ адыгэ щIалэм, Къанщауэ Нартокъуэ, и къуаншагъэр. Деплъынщ ди еджакIуэхэм а Iуэхур зэрызэхагъэкIым.

**Суд йокIуэкI.**

**Государственный обвинитель:**

Нобэ зи суд тщIэ Къанщауэ Нартокъуэ Мэрем и къуэр догъэкъуаншэ адыгэ хабзэм, адыгагъэм, цIыхугъэм къимытIэс Iуэху зэрилэжьамкIэ. Iуэхур зыIутыр мыращ.

Нартокъуэ дунейм къытехьэри, и сабиигъуэми къуажэ еджапIэр къиухыхуи адэ-анэм я лъагъуныгъэмкIэ гъэнщIауэ псэуащ. Зыгуэр хуэныкъуэн къэгъэнауэ, щIэнэщхъеин, щIэмыарэзын зэи ирагъэлъэгъуакъым. И адэр махуэ псом губгъуэм итащ я бын закъуэр зыхуей игъуэту ипIын щхьэкIэ, унэ-лъэпсэ дэгъуэр иухуащ. И анэр щIэпсэуар Нартокъуэ дахэу ихуэпэну, IэфIу игъэшхэну, псалъэ IэфIхэмкIэ еубзэну аращ.

Апхуэдиз фIыгъуэр зрагъэгъуэта Нартокъуэ къилъытащ еджапIэ нэужьым куэншыбым ухэсу къуажэм удэс мыхъуну, гъащIэ щIэращIэр здэщыIэр къалэрауэ. МыдаIуэу лъапсэр зыбгына къуэм и адэм ар игу техуакъым. Сымаджэ хъури лIащ. Акъыл бгъэдэлъу, пщIэ иIэу псэуа Мэрем дунейм щехыжым псоми къагурыIуащ ар зыукIар.

А щIэпхъэджагъэми зригъэгупсысыжакъым нобэ зи суд тщIэ щIалэщIэр. Ар къэгъэнауэ, иджы къыпэрыуэн зэрыщымыIэжым, лъапсэм ирищIэнумкIэ хуит зэрыхъуам псэхугъуэ гуэр зыхригъащIэрт.

Адэр зэрыщIалъхьэрэ тхьэмахуэ фIэкI дэмыкIауэ мыбы адыгэ хабзэр аргуэру къызэпиудащ. Гурэ – псэкIэ къыхуэныкъуэ и анэр и нэпсыкIэ щIиутхыкIыу къигъанэри къалэм кIуэжащ, а махуэ дыдэми рестораным фIыуэ щефащ, адэкIэ и ныбжьэгъу нэпцIхэм я гъусэу ефэ-ешхэм пащащ. Мы щыуагъэр къыгурымыIуэныгъэм къыхэкIакъым Нартокъуэ зыкъиумысыжащ: «Ар зыфIаемыкIур адыгэжь дыдэхэращ», - жиIэри.

Зи суд тщIэм и щIэпхъэджагъэхэр абдежым щиухакъым. ГъащIэ тыншым пыкIыну зимымурад щIалэм къытригъазэурэ анэ тхьэмыщкIэм зэхуихьэс и пенсэр къытрихырт. Къытрихащ езы бзаджащIэм анэм и фэеплъу къыхуигъэнэн и гугъа щIыIу-бгырыпхри, зэрыщIалъхьэжыну игъэтIылъа ахъшэ тIэкIури. Анэм и нэщIыбагъкIэ унэ-лъапсэр ищэну щэхуэгъум гурыIуэри сакъылэту ахъшэфIи къаIихащ. Абы ищIакъым унэр ищэну хуимыту и адэм тхылъ зэригъэпэщауэ зэрыщытар. Мис мыбдежыращ зи суд тщIэ щIалэщIэм щыуагъэ гуэрхэр IэщIэщIауэ къыгурыIуэу щыщIидзар.

Мыр догъэкъуаншэ адэм и гум хуэмышэчын гуныкъуэгъуэ трилъхьэу зэригъэлIамкIэ, анэм и псэр узу зэригъэпсэумкIэ, адэ-анэм псэуху зэхуахьэса мылъкур ныбжьэгъу нэпцIхэм зэрадрифыжамкIэ. СолъаIуэ адыгэ хабзэм къитIэс нэхъ тезыр хьэлъэ дыдэр тефлъхьэну. Сэ сухащ.

**Судья:**

Зи суд ящIэ Нартокъуэ, къэтэдж. Уэ къыбгурыIуа узэрагъэкъуаншэ псори?

- КъызгурыIуащ.
- Арэзы утехъуэрэ? Укъуаншэу зыкъэплъытэжрэ?
- ЗыгуэркIэ сыщыуами си Iуэхур апхуэдэ дыдэу щыткъым.
- ЗэхэдгъэкIынщ, ТIыс.

- Лей зытехьауэ судым хэтыр Нартокъуэ и анэ  Хъангуащэщ. Къэралым и цIэкIэ уи къуэр зыгъэкъуаншэм жиIахэмкIэ уарэзы?

- Дэхуэдэу къызэмыхьэлъэкIми, псори пэжщ.

- ЩIэддзэнщ зи суд тщIэм  дыпкъръыупщIыхьын. Зыгъэкъуаншэм хуитщ и упщIэхэр иритыну

**Обвинитель:** Уи сабиигъуэм щыгъуэ умэжалIэу, щыптIэгъэн уимыIэу е удын пхьыуэ къыпхуихуа? Уи адэ-анэм лей къуахрэт?

- Къысхуихуакъым.

-Узыхуей бгъуэту, фIыуэ укъалъагъуу узэрагъэпсэум папщIэ фIыщIэ яхуэпщIтэкъэ уи адэ-анэм?

- Сэ абы сегупсысакъым. Хьэми джэдуми япI я шырхэр.

- Адэ-анэм уемыдаIуэу къалэм укIуэныр сытым къыхэпха? МурадыфI гуэр уиIэт? УзыщIэхъуэпс щыIэт?

- Си адэр и гъащIэ псом дэсат къуажэми, вэнвеймрэ куэншыбыжьымрэ къыхэкIакъым, сэ сызыхэтам хуэдэ зы махуэ тхъэгъуэ илъэгъуакъым. Сытыт сэ абы  щысщIэнур? Хъун хуэдэу зы ныбжьэгъуи щыбгъуэтынукъым. Ахэр псори зэманым, гъащIэм къыкIэрыхуа цIыхухэт. Культурэри, цивилизацэри, техническэ прогрессри зыхуэлэжьэнур сэ сызыхыхьахэрат. АтIэ, си адэр лIащ жысIэу куэншыбыжьым сыхыхьэжыныр делагъэкъэ? Сэ си унафэр сэ сщIыжащ.

- И закъуэ лъапсэ нэщIым къибна анэр ипIыжыну, гуауэр дигъэпсынщIэну зи къалэныр уэрат. Уэ ар бгъэзэщIакъым.

- Сэ къалэм унэ къыщысщэхуу си анэри сшэжыну си мурадащ, ауэ езым ирикъун ахъшэ къызитын идакъым. Сэ сщIэрт си адэм ахъшэшхуэ къызэрыщIэнар

- Япэ дыдэу пщIантIэм ущыдэкIым зыри пIэщIэлъакъэ?

- Ди адэм къызитат  ахъшэ зэрыIыгъ, афIэкI укъемыплъэкI жиIэри, ауэ си ныбжьэгъухэм я гъусэу псынщIэ дыдэу тIэщIэухащ. Къалэм гъащIэр нэхъ лъапIэщ.

- Уи анэ  и щIыIу –бгырыпхыр зэрыпщIар сыт?

- Си ныбжьэгъухэм естащ схуащэу унэ сыщыпсэун къысхуагъуэтыну сыкъагъэгугъэри.

- Къыпхуагъуэта?

- Хьэуэ. Абы иужькIэ зыкъызагъэгъуэтыжакъым.

- Уи анэр зыщIэс унэр пщэну щэхуэгъуи къэбгъуэтри икIи тхылъ быдэ ептат. Уегупсыса ар анэм къызэрыщыхъунум? ЗаконкIэ ухуитакъым абы и арэзыныгъэ хэмылъу апхуэдэ Iуэху блэжьыну.

- Си анэр псэукIэжьым есауэ арат. Махуэ къэс зызыузэщI гъащIэми нобэрей цIыху псэукIэми сыкъыкIэригъэхуну арат. Сэ сщIэрт мылъку щхьа си анэм хьэрэм сызэримыщIынур, хуэмурэ къытезгъыхьэнурэ, къалэм сшэжынут.

- Сыт –тIэ апхуэдэу щIумыщIар?

- Си адэращ абыкIэ къуаншэр. Унэ – лъапсэр  сщэну сыхуимыту тхылъ ищIат. Си анэри къуаншэщ апхуэдэ тхылъ зэрыщыIэр къызэрызжимыIамкIэ. Сакъылэту ахъшэшхуэ къеIысхщ, сIэщIэшхыхьыжри, зэрыспшыныни симыIэу, унэри сщэну сыхуимыту утыку сыкъранащ.

**Зи суд ящIэм и адвокатым:** ПщIэ зыхуэсщI суд, си упщIэхэр ест  хъуну?

- Ет.

- Уэ уи сабиигъуэм узэрану, уапэпсэлъэжу, уи адэ – анэр бгъэбампIэу щыта?

- Сэ ахэр зэи зы щхьаи къызэшхыдакъым, тезыри къыстралъхьакъым. Апхуэдэу щыщыткIэ зэраныгъи сщIа хъункъым.

- ЕджапIэм къыбдеджэхэм е гъунэгъум я хьэпшып къэпщтауэ ущагъэкъуэнша къэхъуа?

- Сэ къыздеджахэми си гъунэгъухэми сэ згъуэтам хуэдиз зыгъуэт яхэтакъым. Згуэшащ, ямыIэмкIэ садэIэпыкъуащ, армыхъум къэздыгъун къэгъэнауэ, сылъэIуакъым.

- Ар, дауи, уи хьэлэлыгъэрщ къызыхэкIар.

- Сэ сытри къысхуащIэнут си адэ-анэм, ахъшэ якуэдт. Зыми сыщысхьтэкъым.

- Къэралым и цIэкIэ узыгъэкъуаншэм уи анэм ахъшэ, дыщэхэкIхэр къытепхауэ жеIэ. Дауи, мурад гуэр уиIа хъунщ. Сыт къыщIомыхъулIар?

- Си анэм сэ сезауэу зыри къытесхакъым, жесIэри къеIысхащ. Си ныбжьэгъухэм я псалъэр яIыгъыжакъым, къыздэIэпыкъуу унэ къызагъэщэхуну сыкъагъэгугъати. Унэм ущIэсу бжы жаIэурэ си ахъшэр сфIашхащ.

- Сэ зэкIэ аращ упщIэу сиIэр.

**Судья.** Лей зылъыса лъэныкъуэм еупщIын щIэддзэнщ.

Къанщауэ Хъангуащэ, трибунэм къиувэ. Мы Iуэху зэпкърытхым теухуауэ сыт къыджепIэфынур?

**Анэм:** А-а, си щIалэр Iейуэ къыдэгуэуащ. Си щхь.гъусэр бампIэ уз игъуэтауэ пIэм щыхэлъым си къуэр щыхэтыр сщIакъым. «Си адэ» - жиIэрэ къыщхьэщыувэжамэ, хъужыну къысщыхъут, арщхьэкIэ и бын закъуэм щхьэкIэ къыдэплъейуэ лIащ. КуэбжэмкIэ си нэр щыIэт. Зэми нэпсыр зыщIэз си нэм къыIуидзэрт кIуэцIыкIыщIэм къикIа, кIэтIий кIапэм къыпыкIам и ныбжь, ауэ ар къыфIэщI ныбжьт, куэбжэри а зэрыгущIэгъуншэт. Си къуэм игу сыкъыщыкIыжыр ахъшэ щыхуейр арат. СиIэкъым жысIэми и фIэщ сыхъуртэкъым «къэгъуэт, зыгуэрым къеIых», жиIэрти къыспэувырт. Апхуэдэурэ ди лъапсэм ахъши, пщэ хъуни къринакъым. Дауэ хъуа си къуэр апхуэдизу гущIэгъуншэу, акъылыншэу? Нобэрей судым игъэкъуэншэн хуейр сэрауэ къыщIэкIынущ. Адэр нэхъыбэм губгъуэм итащ, лажьэу, Iэщ зэрихьэу, сабийр зыбгъэдэсар, зи нэIэ къыщIэхъукIар сэращ. Бын гъэсэным иIыгъIамэ, къысщыщIам и нахъыбапIэр сэ си къуэншагъэщ, дауи, си къуэншагъэщ.

**Судья.** Сыт къуаншагъэр уи деж щIыщыплъагъуэжыр? Нартокъуэ илэжьахэм уэ тебгъэгушхуа?

**Анэм.** Тезгъэгушхуа мыгъуэкъым, сыпэщIэта мыхъум. Ауэ ар зыми едэIуэжынутэкъым, згъэудэфати. Пэжт Мэрем мыгъуэм жиIар: «Уемыубзэ мы щIалэм мыпхуэдизу егъэлеяуэ. ИужькIэ ущIегъуэжынщ». ФIыщэу слъагъут, зыхуей псор хуэзмыщIэн слъэкIакъым. Иджы мис, и щхьэ закъуэм фIэкI зыри къыфIэмыIуэхуу, хэти ебэкъуэну цIыху шынагъуэ къищIыкIащ. Сэращ, дауи, къуаншэр.

**Судьям:** УпщIэ фиIэмэ, фыхуитщ ефтыну.

Адвокат. Апхуэдизу уи къуэр щыщIэхъуэпскIэ, и гъусэу укIуэ хъунутэкъэ къалэм? Сыт и мурадыр щIыдумыIыгъар?

**Хъангуащэ:** Си къуэм хузэфIэкIынур здынэсыр къызгурыIуат. Слъагъурт фIэщ хъупхъэм емыдаIуэу, игъащIэкIэ дзыхь зытепщIэ мыхъунухэр дин папщIэу къызэрищтар. Сэ сымыгъэпсэууэ, зэран сыхуэхъуут къызэрилъытэр. Дауэт си лъапсэр сщэжу апхуэдэкъуэм дзыхь сщIыуэ къалэм сызэрыдэкIуэнур. Сытегушхуэфынутэкъым. А псор къыгурыIуэри и адэми тхылъ быдэ къигъэнат лъапсэр тщэну дыхуимыту.

**Гос. Обвинитель:** Мы зэхэсхам къыхэкIыу упщIэ естынут зи суд тщIэм. Сыт апхуэдизу нэхъуеиншэу укъэзылъагъу анэм ущIемыдэIуар, адэри бампIэу щIэбгъэлIар?

**Нартокъуэ:** Сэ си адэри си анэри псэукIэжьым есагъэпщIэкIэ зыкIэращIэу арат, сэри ткIиищэу саIыгът. Абыхэм уедаIуэ хъунутэкъым. Махуэ къэс зызыузэщI гъащIэми нобэрей цIыху псэукIэми укъыкIэрагъэхунут.

**Гос. Обвинитель:** Уи адэ-анэм къуатами, къатепхами ахъшэшхуэ зыIэрыбгъэхьащ. Хьэзыр уи унэр?

**Нартокъуэ**: Ахъшэу сиIэр си ныбжьэгъухэм яIыгъщ, псори схузэфIагъэкIынущ.

**Судья.** ЛъэныкъуитIми я щыхьэтхэм дедэIуэну и чэзу хъуащ. Япэ зыгъэкъуаншэ лъэныкъуэм я щыхьэтхэм дыкъеджэнщ.

**Обвинитель:** Сэ солъаIуэ мы унагъуэр фIыуэ зыцIыху, Iуэхум сыт и лъэныкъуэкIи щыгъуазэ БэтIалэ фыкъеджэну.

**Обвинитель:** Ухэтми къэдгъащIэт.

**БэтIалэ:** Сэ къызэрызэджэр БэтIалэщ. Нобэ зи суд фщIэ щIалэм и адэр си ныбжьэгъуфIу, ди дзыхь зэдгъэзу щытащ.

**Обвинитель:** Мы унагъуэм я Iуэху зыIутым хэпщIыкIыр къыджеIэ.

**БэтIалэ:** Мы унагъуэм я Iуэху мыбы хуэкIуэну зыми игугъакъым. ЩIалэм и адэ Мэрем пщIэшхуэ иIэт, цIыхухэм я чэнджэщэгъут, и унагъуэр дагъуэншэу игъэпсэуащ. И щхьэгъусэ Хъангуащэщи, унагъуэ зехьэкIэм хуэIэкIуэлъакIуэу, щхьэгъусэм къилэжьыр зэригъэзахуэу пщIантIэм дэсащ. ТIури зэхуэгумащIэт. Нартокъуэ, си адэ – анэм я псэ жиIэу псэун хуейуэ арат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сабиигъуэ насыпыфIэ иIащ, и балигъыгъуэми унафэ тэмэм иIэнут, ауэ щхьэзыфIэфIу къыщIэкIащ. Сэ гу лъыстакъым Нартокъуэ ади ани щысхьу, лъагъуныгъэ гуэри яхуиIэу. Ар цIыху тэмэм зэрымыхъуар и адэ тхьэмыщкIэми къыгурыIуат.

**Обвинитель.** Апхуэдэу жыпIэн щхьа тегъэщIапIэ пщIыр сыт?

**БэтIалэ**. Сымаджэ хьэлъэ щыхъуам парткому лажьэ Жыраслъэнрэ сэрэ уэсят къытхуищIат щIалэм ди нэIэ тедгъэтыну, щIапIэр едмыгъэщэну.

**Адвокат.** Уэ ущыхьэт Нартокъуэ и адэ-анэм яхуэдыджауэ, псалъэмакъ ярищIэкIауэ, зэлымыгъэ ярихауэ?

**БэтIалэ:** Сэ апхуэдэхэр сэ нэгу щIэкIакъым, Хъангуащэ апхуэдэхэр дунейм къытримыгъыхьэм нэхъ къищтэрт. Ауэ сыщыхьэтщ къуэм и бампIэм адэр зэрихьамкIэ, анэр и закъуэ гуауэмрэ гуныкъуэгъуэмрэ къызэгуичу унэм къызэрыщIэнамкIэ, къуэр зыкIи щIэгъэкъуэн зэрыхуэмыхъуамкIэ.

**Адвокат.** ПщIэ зиIэ суд! Зи суд тщIэм и адэр зэрылIыкIар зыми ищIэркъым, экспертизэ ящIакъым. Мыбы и мурадакъым и анэри и закъуэ игъэпсэуну. Зыгуэрхэм зэрыхуагъэфащэр и лъабжьэу цIыху бгъэкъуаншэ хъунукъым.

**Судья.** УемыпIэщIэкI Iуэхум. Псори зэхэдгъэкIынщ. Мы щыхьэтым афIэкI упщIэ хувимыIэмэ, иретIыс. Щыхьэт иджыри щыIэмэ фыкъеджэ.

**Обвинитель.** Сэ солъаIуэ щыхьэту партком Жыраслъэн суд щащIэ залым къевгъэблэгъэну.

**Судья.** Уэ у-Жыраслъэнщ, зи суд ящIэм урикъуажэгъущ икIи и адэм уриныбжьэгъуащ.

**Жыраслъэн.** Тэмэмщ.

**Судья.** Уи япэ дызэупщIа щыхьэтым зи суд ящIэ Нартокъуэ игъэкъуэншащ и адэр зыгъэлIар арауэ. Уэ сыт хэпщIыкIрэ мы унагъуэм я псэукIам?.

**Жыраслъэн.** ХызощIыкI. Мэрем хуэдэ цIыху пэж гъуэтыгъуейт. Хабзэ хэлът, лэжьакIуэшхуэт. Игу техуакъым къуэр гъуэгу пхэнж зэрытеувар, къызэремыдэIуар. ЛIэн и пэкIэ уэсят ищIат и щхьэгъусэр, БэтIалэ, сэ дыщысу. ЖиIар мыращ: «Дэ зы щIалэ делэ диIэщ. Ар хуэмыхущ, псэ махэщ, гугъуехьрэ пщIэнтIэпсрэ жыхуаIэр зэхиха фIэкI, ищIэркъым, пщIэнтIэпсым, ахъшэм пщIэ хуищIыркъым. Ахъшэ и лъэмыжу псэуну фIэкI, нэгъуэщI мурад щхьэпэн иIэу схуэгъуэтакъым. Абы къыхэкIкIэ зыхуэмей мыхъумыщIагъэхэм дахьэхри къуажэри лъапсэри дыкъибгынащ. Апхуэдэу щытым, сэ еста ахъшэри езым къилэжьри куэдрэ хурикъунукъым, къигъэзэжынущ абы. ЩIапIэр ищэну яужь ихьэнущ, и анэри здишэу къалэм дэсын гугъэ иIэу. Абы щыгъуэ езыри къалэм щыпсэуфынукъым, и анэри губгъуэм къинащ. Евмыгъащэ щIапIэр Хъэнгуащэ псэуху, щIалэм фи нэIэ тевгъэт. Щымыпсэунумэ, лъапсэр ищэнумэ, Нартокъуэ абы и Iуэху хэлъыжкъым, псори зей хъур къуажэращ. Хуеймэ, сабий сад ящIынщ, хуеймэ- цIыхум сэбэп хуэхъун зыгуэр».

Апхуэдэу жиIэри нотариусым иIэ телъу тхылъи къигъэнат.

**Адвокат:** Фи нэIэ тетыну лIэуэ телъ ныбжьэгъур къывэлъэIуат. ВгъэзэщIа и лъэIур? СыткIэ сэбэп фыхуэхъуа мы щIалэр гъуэгу захуэм техьэжыну?

**Жыраслъэн:** ДелъэIуат, умыгузавэ, щIапIэм щыпсэу, къуажэм щылажьэ, уи анэми и закъуэ хъуащ, дэ дыбдэIэпыкъунщ жетIат. КъызэрыщыхЪуар ди Iуэху зыхэмылъым ди бэлагъ хэтIун тфIэфIущ. «Сэ си унафэр сэ сщIыжынщ» - къыджиIащ. Балигъ хъуа цIыхум езым къыгурымыIуэмэ, уэ жыпIэр щэн хуэхъужынукъым, хьэлу къищтэнукъым.

**Судья.** ЛъэныкъуитIым фыкъызэджэн щыхьэт иджыри щыIэ? Абы щыгъуэ адыгэ хабзэм и цIэкIэ зыгъэкъуаншэмрэ адвокатымрэ я псалъэмакъым дедэIуэнщ.

**Обвинитель.** Мыбы щекIуэкIа псалъэмакъым и дэтхэнэ зы псалъэри щыхьэт тохъуэ Къанщауэ Нартокъуэ щысхьырабгъу имыIэу адыгэ хабзэр къызэрызэпиудар икIи зы IуэхугъуэкIэкъым. Зи суд тщIэ щIалэр къалэм кIуэуэ лажьэ – шхэжу, адэ-анэм я деж къекIуэлIэжрэ къадэIэпыкъуу, ахэр зыщыгуфIыкIын ехъулIэныгъэ гуэр иIэу зыкъигъэлъэгъуамэ, зэрыдэкIар ягу къеуами, адэ-анэм ящыгъупщэжынт. Ауэ Къанщауэ и бын къалэн лъэпкъ игъэзэщIакъым. ПщIэнтIэпс хьэлэлкIэ адэм къилэжьа ахъшэр нэгузыужьыным, ефэн-ешхэным тригъэкIуэдащ. АдэкIэ адыгэ напэм къитIэсу къилъытащ дунейм зэгуэуду ехыжа и адэр, езыр хьэщIэм хуэдэу дэту, къуажэм щIалъхьэжыну. АдкIэжкIэ къуэм хуэфащэу къилъытащ зи закъуэ къэна анэр къыкIэлъыгъыу тхьэмахуэ нэужьым къалэм кIуэжыну, а пщыхьэщхьэ дыдэми рестораным щефэну.

ЦIыхугъэр IэщIыб зыщIа Къанщауэ Нартокъуэ насыпыншэ хъуа и анэм деж къыщыдыхьар ахъшэ щыхуейм дежщ. Псалъэмакъ жагъуэ иращIэкIт, дэнэ къырихми къыхуигъуэтын хуейуэ пэувт. И адэм къигъэна уэсятыр мыхъуамэ, унэншэуи къигъэнэну къыщIэкIынт.

Мы жысIа псоми къыхэкIыу сэ судым лъэIукIэ зыхузогъазэ Къанщауэ Нартокъуэ адыгэ цIэр къытехыжауэ, цIыхугъэм и бий, напэм хуэхей цIэр фIищыну.

**Адвокатым:** Дауи, нобэ сэ сыкъызыщхьэщыж щIалэм щыуагъэ гуэрхэри IэщIэкIащ. Ауэ феплъыт мыбы. Псэун щIидзэ къудейуэ аращ. ТIэкIу щIалэIуэу ныбжьэгъу гъэпцIакIуэхэр иIэ хъури, щIалэ жыIэзыфIэщыр зэрыхуейм хуэдэу къагъэсэбэпащ, ахъшэ бгъэдэлъыху. Ахэращ унэ тыншу кърагъэщэхуну жаIэурэ и лъапсэр ищэну игу къэзыгъэкIари.

Мыр дыгъуакIуэкъым, хъунщIакIуэкъым, сондэджэркъым. Мыбы и лажьэр тIэкIу гъэфIауэ къызэрыхъуамрэ жыIэзыфIэщу зэрыщытымрэщ. Езыри и Iуэхум егупсысыжащ, и щыуагъэхэр къыгурыIуэжащи, судым лъэIукIэ зыхузогъазэ цIей – нэпей имыщIу хуиту иутIыпщыжыну.

**Судья:** Зи суд ящIэ Къанщауэ Нартокъуэ, иужь дыдэу псалъэ удот.

**Нартокъуэ:** Нобэ хуэдэу кууиуэ сэ си псэукIам зэи сегупсысакъым. Узэрыгушхуэ хъун си Iуэхум зыри хэлъкъым. Судым сыт хуэдэ тезыр къыстрилъхьэми, абы емылъытауэ сэ си судыр сэ сщIэжыну си мурадщ.

**Судья:**

Судым унафэ Iуэхум трищIэну лъэныкъуэ зрегъэз.

**Приговорым щыгъуазэ фыдощI.**

Суд екIуэкIам тэмэм дыдэу, зы шэчи къытомыхьэну наIуэ къищIащ Къанщауэ Нартокъуэ зэрагъэкъуаншэ псори зэрыбгъэдэлъыр. Ауэ и щIалагъыр, и щыуагъэхэр къыгурыIуэжауэ зэрыжиIэр, и анэр гуныкъуэгъуэмрэ гуауэмрэ къаруушэ зэращIар къыдолъытэри, мы щIалэм Iэмал идот дяпэкIэ адыгэ цIэр екIуу зэрихьэну, анэр ипIыжыну, жьыщхьэмахуэу игъэпсэуну, лэжьыгъэ IэнатIэ тэмэм пэрыувэу и лъапсэжь исыжыну. ДыкIэлъыплъыну, дгъэунэхуну илъэситIыр пIалъэу худогъэув.

**ЕгъэджакIуэм классым щIэсхэм захуигъазэу.**

Фэ фи нэгу щIэкIащ судыр зэрекIуэкIар. КъызжефIэт, фарэзы судыр зэрекIуэкIамкIэ? Фэ хеящIэу фыщытамэ, апхуэдэут судыр зэревгъэкIуэкIынур? Нартокъуэ тралъхьа тезырымкIэ фарэзы?

**ЕджакIуэм.**

Сэ сарэзыщ судыр зэрекIуэкIамкIэ, сыту жыпIэмэ и адэ Мэреми зэрыжиIащи, Нартокъуэ дыгъуэгъуакIуэкъым, хъунщIакIуэкъым, нэгъуэщIхэм зэран хуэхъуфынукъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, сфIэтэмэмщ дяпэкIэ и анэр жьыщхьэмахуэ ищIыну, игъэтыншыжыну.

**ЕтIуанэ еджакIуэм:**

Сэри сфIэзахуэщ судым и унафэр. Сыту жыпIэмэ Нартокъуэ езым зытрилъхьэжа тезырыр, уи IэкIэ уи псэр хэпхыжыныр, анэм дежкIэ гуIэгъуэ тIуащIэу къанэркъым, атIэ гуIэгъуэ мыухыжщ.

Сыхуейщ Нартокъуэ езым и щыуагъэхэр къыщыгурыIуэжакIэ, Хъангуащэ нэплъэжыгъуэ игъуэтыну.

**Ещанэ еджакIуэм:**

Сэ мыбдеж щекIуэкIа псалъэмакъым сигу къагъэкIащ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекIуэкI псалъэжьхэр. Апхуэдэщ «Нэхъыжь и псалъэ уедаIуэмэ, уи Iуэху мэкIуатэ» псалъэжьыр. Абы къикIыр куэд зылъэгъуа, гъащIэ и пIалъэ зыщIэ цIыхур уи чэнджэщэгъумэ, уи Iуэху зэрыкIуэтэнур аращ.

«Къомыщэжынур уи анэрэ уи нитIырэщ» - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Ныбжьэгъу мыхъумыщIэхэм емыдаIуэу и анэ и жыIэ тетамэ, Нартокъуэ гъуэгу пхэнж теувэнтэкъым.

**ЕплIанэ еджакIуэм:**

Нэгъабэ Къагъырмэс Борис ди еджапIэм къыщедгъэблэгъам тхылъ гъэщIэгъуэн тыгъэ къытхуищIащ. Абы къизджыкIа усэм сыкъеджэну сыхуейт. Адэмрэ анэмрэ зэригъапщэу, сабийхэм папщIэ итха усэм хэт адэ-анэр Нартокъуэ и адэмрэ и анэмрэ изогъэщхь.

**Анэм и гур**

Жыгыщхьэ лъагэм сыфIэсу,
Сэ къызэкIуауэ пщIантIэпсыр,
Сышынэу си Iэр дияуэ,
Сыкъилъэгъуати ди анэм:
-Къохуэх тхьэмыщкIэр, еукIыр! –
Пхъэру къижыхьырт, гузавэу.
Арыххэу си фэр нэхъ покIыр,
СфIощIыр сэ гъащIэм сыпыкIыу.
Дядэм сымыщIэ игу къэкIыр.
- ИIэт, делагъэр къэгъани,
Къехи, си гъусэу мэз накIуэт, -
ЖеIэ.
Стоужыр кIэкуакуэр,
Шынэр абдеж мэкIуэдыж,
Жыгми сэ сыкъохыж.

Мы усэми КIэрэф Мухьэмэд и повестми къызэрыхэщымкIэ, анэр гумащIащэщ.

Бынир егъафIэ, абы тегужьеикIащ. Анэм къыщхьэщыкIыу адэр нэхъ ткIийщ. Ауэ абы къикIыркъым адэр быным хуэгущIыIэу. АтIэ бгъафIэкIэ, уеубзэкIэ быным и къэкIуэнур тынш зэрымыхъунур нэхъ къыгуроIуэ. Аращ Марем щIыжиIэр: «Уемыубзэ мы щIалэм, гъащIэр абы къеубзэнукъым».

**Етхуанэ еджакIуэр:**

Балъкъэр Фоусэт и «Си анэ» усэм къоджэ.

**ЕгъэджакIуэр.**

Бицу А. «Зэгуэр уи анэм…» усэм къоджэ.

Бицу А. и псалъэхэр зыщIэлъ «Мамэ» уэрэдыр еджакIуэм жеIэ.

«Жьым фымыщI и жагъуэ» уэрэдыр еджакIуэм егъэзащIэр.

**ЕгъэджакIуэм.**

Ди псалъэмакъым и кIэу жысIэну сыхуейт, нобэ жытIа псори псалъэ дахэ мыхъуу, гъащIэм къыщыдгъэсэбэпыну. Фи адэ-анэр фымыгъэукIытэу, я щхьэр лъагэу ялъэгъужу вгъэпсэуну псоми сынывохъуэхъу.

Мыпхуэдэ унэ лэжьыгъи фэстыну сыхуейщ. Нобэрей псалъэмакъми гъащIэми къыхэфхауэ, адэ-анэм зырыхущытыпхъэр къэвгъэлъагъуэу сочиненэ фтхыну.

Ди урокыр абдежым щыдоух. Фи махуэ фIыуэ!